Лажьэ щIалэгъуалэмэ лъэIу яIэт, Iэмал иIэмэ, 8-нэ, 10-нэ классхэр кьыщаухыжьну, сов хозыр мыхуэ, абы нэхь и гъунэгъу зы кIуэжэ гуэрдрами апхуэдэ Iэмал кьыщратыну.

Лэжьыгъэр мащIэтэкIым. Абы упэльэщын щхьэкIэ жэщ-махуэ жумыIэу улэжьэн хуэфащэ гулыпитэ зэрыхуамышIыр яхуэб дэ хъунутэкIым. Мыр си кьалэнт-тIэ жыхуэпIэн Iуэху куэд ди пщэ кьыдэхуэрт. Апх уэдэу «щIэщIауэ» етхьэкIащ 1962 - 1963 гъэ еджэгъуэр. Iуэху зыбжанэ зэфIэха хьуат а илъэсым, ауэ ныкъусанытэхэр куэдыщIэтт, дапэльэщыртэжым. Абы щыгъуэми, сабийхэм я бжыгъэм хэхъуэу, абыхэм ядэлажьэ егъэджакIуэхэр я бжыгъэкIи я зэфIэкIкIи зэманым кьэкIэрыхуу.

1963 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм гъэ еджэгъуэ блэжIам кьрикIуамрэ школым аджIэ кьыпэщыть кьалэнхэмрэ теухуауэ адэ-анэхэм я зэIущIэ щокIуэкI кьуажэ клубым. Абы кьрихьэлIат исполкомым и тхьамадэ ХьэжкIуэнI Шурэ, совхозым и директор БэшлоАхьмэдхан, кьудамэм и унафэщI БэлагъыАхьмэд сымэ, егъэджакIуэхэр.

Си докладыр суха нэужь, утыкум кьохьэ адэ-анэ комитетым и нэхъыжь Березняковвэ Верэ. Ар кьуажэм пщIэ щыIэп цыхуэ «Лэжьа хь уар мащIэкъым, лэжьын хуейр нэхьыбэжщ, - жеIэ абы. - Сэ псом хэпэ утыку сыкьыщIихьар нэхь сыгугъэгъэу, хьэмэрэ нэхьыбэ сщIэуэ арах-кьым. Ауэ жьитIэр здыжьитIэм кьыщыпнэжу эманыр макIуэ. Илъэсий еджапIэ нкуажэжм кьыщызэIуахьан эрыкуейр школ упачкъым и докладым белджьылы щы-хъуащи, абы и унафэр ныщхьэбзэ зэIуIэм ищынэ хуейуэ кьызэольытэ. СынывольэIу абы фыэзэргупсыцыр кьыжьфIэну. ЕджапIэщIэм папщIэ, совхозым ит иригъэжъуи, унитI кьыдрет, абы щIэс унагъкIуэ имыхабзэу мыр дауэ хьу? СызэпльэкIмэ, пэж дыдэщ: Мэлбахьуэм ибгъу зыгъэрызымкIэ лIитI кьыщытщ. Я гупэр зыхуэгъэза блыныр зэпаплъыхь, зыгуэрхэр зэкIраIэ. Кьыщыхьэр яп зыIупльэ блынир «зэрыхуэпIам» арэзы техьуэхэу кьыщIэ-кIынкьым, жызоIэ сигукIэ. Асыхьэтым, зэрыхьуар сымышIэу, си щхьэм кьоцхьэрыуэ: «Сыкьыщэткеlухьэ Iуэхур Мэлбахьуэм жесIэмэ дауэ хьуну? Выслэдэлъэну пIэрэ? СощIэ: си Iуэхур абы и деж нэсын хуейуэ щыIэ ирагъадэ. Бэшломи, сытми, «хъунщ» жрагъэIэ. Сэрэ ди фэ кьысхуащ: республикэм и правительствэм и тхьамадэАхьуэхьу Асльэнбий и щIэжъ льэIу зГъэхьэзырыну.

ЛьэIуи и жэуапым куэдрэ дежьакъым. Уэзыщыгуфы-кIынт ар. Илъсий еджапIэр зыхуэй-зыхуэфI хуэ эзн щхьэкIэ сом мин 15 кьыдатырт,Ахьшэфiт ар. Абы и хьарбыр щыIэзыгъэ Iуэхуки IсалъэI зыгIущкIэ сыпхуейт...» Кьызопль щыр: я нэгъуджэхэр драхьей-кьрахьэх, зыри кьызжаIэркъым. Сэ кьыщIэздзаши, си Iуэху зэкIэлъымыкIуэхэм я гугъу хузощI. Иджы Мэлбахьуэ Тимборэ трибунэм кьыпсэлъыкIыу слъагъу мыхьу, си пащхьэм кьитщ, соплъкъызоплъыж. Пэж дыдэщ ар лIы кьэугъу кьамылыфэр. Фэшхуэ-лышхуэкъым. Набдзэ фIыцIэ щхьэц фIыцIэщ, натIэдыхьэ мащIэ нIэу. И лъагагъ-инагъкIэ цIыху щапхьэщ. И ныбжькIэ и лIы фыгъуэщ. И нэгуп зэлъыльхуэ, хьилым, губзыгъагъ зэрыщегъэдзэлыр, жьжьэ пльэфу зэрыщытыр пльагъуэр жыпIэу. И нэгъуджэрэ иокIупс, Iулъу кьоплъмэ уи щхьэ кIуцIым кьипльэрэ жьпIэу. Дауи, ахэрауэ кьыщIэкIынщ «унафэщI къэмылэнджэж, Iулыджьшхуэ зиIэ, зи Iурыкым Iуэхур пыщIа» мыхьэнэхэр кьрагъэкIыу кьэрэхьэлькъ лэжьакIуэм щыщ куэдыр абы «лIы гъуркI» щIедджэр.

... Мыбы и Iуэхур хьунщIэпсынщIэету зэфIэкIынукъым жаIа е и кьалэну кьилъыта, сщIэркъым, сытми лIы нэхутхьэху нэгъуджэшхуэ зыIулъым си дамэнкъыр еубыд, сыкьеГъэувыIэри: «Тимборэ Кубатиевич, х уит сыкьэпщIмэ, сэ мы щалэм и гукъеуэм и кIэм нэсу сеДэIуэнт». Ар сэ кьызбгъэдонэри, Тимборэрэ адрей и гъусэмрэ ищхьэ кьатым хуэуэзышэ дэкIуеипIэмкIэ яунэтI.

ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, арэзы сыкьищIыкъзэдзэIуаш а лIыр, зэуэ сигуми си псэми дыхьар. Сэри псальэмакъым кIыхь зеГъэщIакъым - сымыплъэми кьасщIэрт къэувыIэ-екъэжьхэу, зыгуэр хэр зэхуаIуэ ну, Тимборэрэ абы и гъусэмрэ дэкIуеипIэм зэрыритыр.

Иужькъ кьызэрысщIэжкIэ, сэ сызэпсэльэгъуар обкомым и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа Шэджыкъэщ Мухьэмэдт, адрейр Погребнякт - Налшык кьалэ горкомым и япэ секретарыр т.

Махуитi дэкIри ещIанэм, кьуульшыкъуэхэм деж, зэпэжьгъуэр дыдэхэту исполкомым и тхьамадэ ХьуэкIуэн Шурэ еджапIэм ныIуохьэ. Сыту пIэрэ мыр нобэ кьызытекIухьар, жызоIэ сигукIэ. Сопльэри, гукъыдэжьшхуэ иIэу сльагъуркъым: дауи, зыгуэр кIэщIэсщIыхьэ-уэ шэч кьысхуищIу кьышIэкIынщ. Ахьшэм техуауэ министрым кьызжиIахэр сэ абы жесIэжат, ау я мыдрей кьэкIуэкIаxэр хуэсIуэтэжа-тэкъым. СщIэжьртэкъэ... «узыхъэмшIун ух эмыту, кьэгъаза кьэкIуэж» кьызэрызжиIар.

Шурэ лэжьакIу эшщ эт. Республикэм щыпашхэм ящыщт ар зи Iэтащхьэ Советыр. Абы и ужь куэдкIэ имыту мыIуохьэ БэшлоАхьмэдхьанрэ кьудамэм и унафэщI БэлагъыАхьмэдрэ. Я нэщхьтэжьа зэхэпщI. Я щыбгъэгъэ кIэ зыгуэр зэхэтщIыхьауэ кьаазэрыщыхьар щхьэкIэ Заболотнэр, Дзэлыкъуэ куейм и парткомым и секретарым и кьуэдзэ Джаэ Иринэ, роман и методист Громовыр.

Мы кьекдуэкIыр си дежкIэ гурыIуэгъуэщ: си тхьэусхэм кьрикIуащ псори. ИтIани согузавэ, кьыщIэмыщащэрэт емыкIу злэжьар, жызоIэри. Си гурыфIыгъуэр уи тхьэусыхэр зыми кьимыщIэну Мухьэмэд сызэрелъэIуауэ щы-тарщ. ИкIи кьащIакъым абдеж зэхуэсахэм, едгъэхьауэ щыта лъэIу тхылым псори кьрикIуауэ фIэкIа.

Сэлам-чэламыр зэфIэкIри, хьэщIэхэр еджапIэм щыдгощ, Евгение кьыызкIэ адэ-анэхэм я зэIущIэ екIуэкIам и протоколыр естыну. Псори нэжагужащи, уи гугъэщ куэд щIауэ зэрыцIыхухэу нобэ ямыщIэххэу зэхуэзауэ. Евгение кьыздэкIуэ кьуажэм щотхъ у. «Укьыдогъэб лагъэ ди деж ущыпсэуну» щыкрагъэкIэ, зыщIэс пэшыр зэпеплъыхьри, «СыкъэжькIуэнри, я зыхэмыльыжщ, фи унафэм фыкьыстенэжрэ гъэ еджэгъуэщIэ хьэлэгъам ирихьэлIэу ильэсий еджапIэ кьызэIуфхэ. Армырамэ, си сабийхэр дэнэ щеджэнур? Мы протоколым щыслъагъу ныкьуэныгъэшхуэхэр абы тIэкIуи щIиуфэнти, пщIэнукьым, мы гъэм фи куейр зыщIэбэн яп уэвыпIэр хъыныкIи сэбэп хьунт. Ильэсий еджапIэр кьызэIухьынкIи фи районыр зи уэкъ ит Iуэхуу кьеклуэкIыртри, республикэм и гуапэу фи жэрдэмыр кьызделыпъ», - жеIэ Евгение. Абы и гугъу имыщIу кьэнакъым Ахьуэхьум и унафэкIэ щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ министерствэм ахьшэ кьызэриутIыщами.

Иджыдэсту Евгение уэрэ иригъэжькIыу фIэкIа пщIэнтэкъым. Ар адыгэбзэми урысыбзэми хуэшэрыу эт. УэрэкIыр зэрыригъэжькIэжьр адэ-анэхэм я зэIущIэм и «протокольрт». Абы и упщIэхэм кьрат жэуапырт щхьэжькIыхь оценкэр зэпльытари. Иджыдэсту кIуэрыдуэм тету абы кьинтэува упщIэр еджапIэщIэр кьыщыззэIуахьну унэхэрат зытеухуари, абыхэм ехьэлIауэ совхозым и унафэщIым кьыджвIэнэм пэплъэрт ар. Абы и жэуапым кIыхь зригъэщIакъым. КьеГъэкIуэкI-негъэжьэкIэм хэмыту, зэIущIэм кьыщащта унафэм зэрыхущIегъуэжар, абы и щхьэусыгъуэр, унэхэр еджапIэм иритмэ, унагъуэ зыбжанэ гъуэмбырэщхэм кьызэрыщIэнэр, иритыпэми, зэкIэмкIэ абзыхьэкIауэ зэрыщытым кьыхь жIыу, еджапIэ унэр зэрамыгъэхьэзырыжьыфынур кьыжжиIащ Бэшлом. Абы кьимыгъэуIэбжьу кьэнакъым Джаэ Иринэ, Бересняковвэ Верэ сымэ. Абыхэм я зэдзэунэмэ Евгение Iэдэбу зэтрегъэувыIэри, Бэшлом жреIэ и Iуэху еплъыкIэр зэрымытэмэмыр икIи цIыхур зыщIэбэгъуэ кьащта унафэр игъэзащIэмэ зэрыпэхъ тэмэмыр. Арщхьэкlэ Бэшлор жиIам яхутекIыркъым. Псальэмакъыр зыхуэжьэнуэр кьызыщIа Евгение абы жреIэ кьыщIежьа Iуэхуэр зэрыкIуэну джэгур, ар Мэлбахьуэ Тимборэ дежь зэрыпэсар, мы Iуэхум хэль ныкъуасныгъэшхуэхэм папщIэ министрыр укIытэгъуэ зэрихуар икIи иджьпсту нукьуэдиям темыкIынумэ, обкомым зэрыздизшэнур.

Зыщыпщ кIуакъым директорыр. Абдеж щыжиIаламэ, кьыщIэнэжащ. ХуээфIэкIи кьигъэнакъым абы илъсий еджапIэр зэфIэувэну лажьэу ежьэхуи нужькIи. Нобэ си гуапэу сигу кьокIыж зи псальэ емыпщIыжу дэIэпыкъуэгъэшхуэу кьыщIэкIа жьлэдэс г гущIафIэхэр, кьудамэм и унафэщI Бэлагъы Ахьмэд, исполкомым и тхьамадэ ХьуэкIуэн Шурэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Я цIыкIсIуэну сыхуейт а льхьэхэм сэбэпышхуэ кьызкъэхьауэху Дэхъушокъуэ Мусэ, Шэру Хьэбас, Тхьэбысым Кьарней сымэ. Аэр я лэжьыгъэм хуэIэижьт, дуней тетыкIэ дахэ кьагъэльагъэрт, акьыл-хьилым зыбгъэдэль унафэщIхэт.

Дэхъушокъуэ Мусэ унафэщIу щыщIатращ Дзэлыкъуэ куейр щыхупIэ бзаджэм кьыщыIукIар. Цыхъм и хьер кьызыхэкIынкIыр ищIэрт абы. Сэ ар япэу щысльэгъуар хэщIапIэ схуэхьуа Белокаменк эт. Гъуэ иIэуи и закъуэуи, куэдрэ абы кьиуэрт. Абы щыгъуэ Дзэхъушокъуэр ильэс 26 - 28-хэм итынт. Зи нэгуп зэльыпуха лIы зэкIуж щхьэпэльагэт. СощIэж, зэгуэрым, дыкьетхьужьварэ тIэкIуи сыхэгужьеиньауэ райисполкомым и тхьэмадэ Шэру Хьэбасрэ Тхьэбысым Кьарнейрэ кьызгъэдэту Дзэхъушокъуэр ныззэририхьэлIар. Кьарней шхыдэрт, районыр зыщIэбэн яп увыпIэр мы школ утыкум кьинам кьызэтрикьутэнущ жери. Пэжу, куэд дыдэ хьурт кьытпэщылъ лэжьыгъэр, зэмануи кьэнэжар мащIэ.

Мусэ ныщыдбгъэдыхьэм, Хьэбас жеIэ: «Iуэхур мыкIуэтэжу кьытщохьэри, тIэкIу дыхъуфIэ-дыщIатэу укьыдихьэлIащ, Мусэ. ЩIалэри тIэкIу тезэшам шэч хэлькьым...». «Пэжу кьыщIэкIынщ кьыфIыцIэр, - Iэпыщlэх Мусэ Хьэбас и псальэр. - Ауэ ар мы щIалэм нэхъыр дэ нэхъ ди лажьэу кьыщIэкIынщ. Мы лэжьыгъэр здынэсам фэ нэхъ фыщыгъуэзащи, иджьпсту зэхуэдвгъэгъуэ Iуэхур аджIэ зыгъэкIу зтэнухэр». Аратн, лэжьыгъэ кьэнахэр зыфIэзэыхьфынур лэжьакIуэ Iэпщlэльапсалъэхэрати, абыхэм я кьэгъуэтыныр Мусэ ешам и пщэ ирельхьэж. Мыдрейуэ, дакьикъ кьэс узыхуеину машинэмрэ егъэджакIуэхэр зыщIэсыну унэм и Iуэхурэ Хьэбас и пщэ кьыдохуэ. Кьарней лэжьыгъэ кьупын-щыпыну кьыхуэнари урикъунт .

Шэру Хьэбас щIэныгъэшхуэ бгъэдэльт, и псальэмэ тебгъуэтэжу зэрыщытым щхьэкIэ, щыщIэ, цIыхум фIыуэ зыкIыльыртт. Тхьэбысым Кьарней зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкIт. Махуэм зи лэжьыгъэр кьипщытэну еджапIэр езым фIэкIа зыми ищIэртэкъым. Уэсыр зытригъэлъэлъэр егъэджакIуэхэм я урокхэм щыщIыхьэ кьэхъурт ар. Армыхьумэ, зэрыкIуэнур тхьэмахуэ-тхьэмахуиткIэ ипэ иту еджапIэхэм ящIэу кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэ иригъэжькIыртэкъым.

Сытми, «Дзыгъуибгъуэ зэдоIэри, кIадащхьэ трач» жыхуаIэм хуэдэу, гъэ еджегъуэщIмэ и уэздыкIэр япэу кьэзуунымэ зы тхьэмахуэ хуэдэ иIэжу, Белокаменкэ ильэсий еджапIэр кьызэIутхащ. А лъэхъэнэр нэхъри гукъынэжь кьызсщызыщIыр Мэлбахьуэ Тимборэ Кубатий и къуэм «гъуэгу эдытемэ» сызэрыхуэтэхьыр. Армыхьумэ, зэрыкIуэнур тэкъым, кьезэгъэрыртэкъым ар икIи апхуэдэу кьэмыхъункIэ хъунт ахьшэр кьызэрытхуауэтIыпщар министрым кьыщIиламэ.

Мэлбахьуэ Тимборэ Iулыджьшхуэ зиIэ унафэщIт. Абы и псальэр щыжиIэ, Iуэхур зэфIэкIат. Абы и кьулыкъу лажьэр нэхъ иныж ищIырт и кьуэхьым, гупсысэм, Iуэху бгъэдыхьэкIэм. Ди школым и Iуэхур сыт хуэдэу кьыекIуэкIами, абы и псальэр мыхъуамэ, а зэман кIэщIым кьриубыдэу еджапIэр кьызэIуха хъунтэкъым.

Нобэ Белокаменкэ цIыкIуэр щеджэр дэ гугъу дызыдехьа унэхэрэкъым - нэгъуэщIу, илъэс куэд дэдэ нэужь кьэралым яхуэпсыкIуэ. Ауэ илъэсий еджапIэм и япэ лъэбакъуэхэм лъэужьыфI зэрагар шэч кьызытумыльхьэнщ. Ар егъэджакIуэфIэкъмкIэ кьызэгъэпэща хъуат, махуэм кьекIуалIэ цIыкIуэм нэмыщI, Iэнатlэ Iутхэм я лэжьапIэ нэужьым кьекIуалIэуэ ахэр заочнэ консультпунктым щрагъаджэу.

1964 гъэм и кIэм сэ сагъакIуэ Псынэдахэ дэт илъэсий еджапIэм и унафэщIу. Абы ильэс 12-м нэблагъэкIэ сыщылэжьауэ, райкомыр кьызодэжь. Абы и яп-э ар ретарь Джьобгъэ Башир кьызжеIэ: «Бюром унафэ иIэщ Псынэдахэ кьуажэ Советым и исполкомым и тхьэмадэ у упэжьну. Ныщхьэбэ абы щекIуэкIыну сессием уи кандидатурэр кьыщагъэльэгъуэнущ». Хэти сыт жырыеIэ, хьэужьыгъэфIэкъым Iэщlагъэ пхуэхьуар. ЕджапIэр щIэт, «Псынэдахэм» иригъэщIауэ, 1966 гъэм ар курыт еджапIэ хуэат Щылажьэм я нэхъыбэр зи Iэщlагъэр фIыуэ зыльлагъутэ, ещхьулIэныгъэфIэкIэ ди мащIэтэкъым, адэжьи гуращэфIэкъ диIэт. Ауэ, дауэ щретI, райкомым и унафэр унафэти, апхуэдэу щхьэусыгъуэ, уи кьуажэ укьыдэнэ жу, уи блыпкъ зэгъэкьуауэ узыдэлажьэну унафэщIэхэр зэпIэгэрэштти, ари хьарзынэт.

(КьыжьэлъыкIуэнущ).

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнахэр зопсалъэ

ЗэIущIэхэр

Куржы-абхъаз зауэр зэриухэр илъэс 16, Абхъаз Республикэр къэралыгъуэ щхьэхуэу кьызэрадыгъэр зы илъэс щрикъум ирихьэлIэу КъБР-м щэнхабзэмкIэ и фондым фокIадэм и 18-м «стIол хъурей» щекIуэкIащ. Ар кьызэригъэпэщащ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм.

ЗЭIУЩIЭМ эхэщ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Бекъшокъуэ Алексей,** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэхэу **БищIо Борисрэ Къущхьэбий Анзоррэ,** тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Жэмыхъуэ Суфян,** «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм и бюром и советым и секретарь **Дадэ МуIаед,** «Правое дело» партым и щIыналъэ къудамэм и лЫкIуэ **Щыхьмырзэ Анзор,** Налшык кьалэ дэт курыт школ №4-м хъыдэмкIэ и егъэджакIуэ **КIэмыргуей Мурат,** Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм хэт щIалэхэр.

Бекъшокъуэ Алексей зэIущIэр кьызэIуихри, кьызэхуэсахэм ягу кьинтэжкIыжащ куржы-абхъаз зауэм и кьежьапIэ хъуар, ар зэрекIуэкIамрэ ди щIалэхэм абы щызэрахьа лЫигъэмрэ. АдэкIэ псалъэ зрата Жэмыхъуэ Суфян кьитеувыIащ а зауэр къэхъеиным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм, адрей къэралхэм кьыхуаIэ хъуа щытыкIэм.

Щыхьмырзэ Анзор кьыщIипсалъэм кьыхигъэщащ иджырей зэманым сыт хуэдэ Iуэхурэ кьару кьэбгъэсэбэпу зэфIэпхьыныр кьызэремызэгъэр. «Пэжщ, - жиIащ абы, - зыри хуейкъым и щIыналъэм щыщ Iыхьэ фIэкIуэдыну, ауэ Iуэхум кьыхэлъытэн хуейщ дэтхэнэ зы лъэпкъми езым и хуитыныгъэхэр зэриIэжьыр».

Кьызэхуэсахэм кьыхагъэщащ Къущхьэбий Анзор и тхылъым, «Кабардинские добровольцы в грузино-абхазской войне 1992 - 1993 гг.» зыфIищам иджырей тхыдэр щIэблэм егъэщIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Къущхьэбийм псалъэ щратым, и гугъу ищIащ а тхылъыр зэрызэхилъха щIыкIэм, абы папщIэ Ар Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа ди щIалэхэм зэрахуэзам, абыхэм я хьыбархэм гъэщIэгъуэну хилъэгъуам, езы абхъаз лъэпкъым щыщхэм кьыхуаIуэтэжахэм.

Апхуэдэу ахэр тепсэльыхьауэ «ПщIэр гъащIэм нэхъыр нэхъ лъапIэщ» документальнэ фильмыр зэрагъэхьэзыра щыкIэм, ар цIыхухэм кьазэрыщыхъуам.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

«Нарт» журналыр хьэрыпыбзэкIэ къыдокI

ЩIэ

Иорданым и кьалащхьэм дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и «Нарт» журналым и зи чэзу кьыдэкIыгъуэр дунейм кьытехьащ.

Абы и редактор нэхъыщхьэ Къэхъун Нарт ар зэхеублэ Амман щыкIыбзыщIыхэм «Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ зыдж центр» кьызэрыщыкIуэIуахам ехьэлIа тхыгъэкIэ.

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭР хэхыныгъэхэр адыгэ хасэхэм зэщIекIуэкIам теухуащ. Абы кьекIуэлIащ цIыху 1400-рэ икIи «ЩIэблащIэ» зыфIаща гупым щыщхэм я Iуэхур щыдэкIащ. Хасащхьэмрэ кьудамэхэмрэ хахахэм я унэцIэхэр журналым тетщ.

Пащтыкъ Хъусейн бен ТIэрал ипхъу, гуащэ Хьэйе дащIа интервьюр нэхъ зэтеуухуар щыхэращ. Ар кьызыхэкIыр езы гуащэр щы спорт клубым и унафэщIу зэрыщытырщ.

«Нартым» тетщ гъэмахуэ блэкIам Гамбург щекIуэкIа зэIуIуам и хьыбари. Абы щыIащ Тыркум, Абхъазым, Германием, Урысей Федерацэм, Осетие Ипщэм, Куржым щыщ щIэныгъэлIэхэр. Ар кьызэIуихащ хьащIэхэр кьэтегъэлэгъа Вулорф Кубкэ, Гамбург дэт музей-тхыдэщым и тхьэмадэм.

«Бгырыс Кавказ Ищхьэрэ республикэ» тхыгъэр зыгъэхьэзырар Хьэлащтэ Джэмилщ. Ар зытеухуар 1917 - 1918 гъэхэм ди щIыналъэм щыIа къэралыгъэращ.

Журналым итщ Адыгейр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэр зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэри.

Хьэлащтэ Джэмил и кьалэмыпэм кьыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэм дыщегъэгъуэза курыт лIэщIыгъуэхэм Къэбэрдейм и псэукIэу щытам.

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и IуэхущIафэхэм теухуа тхыгъэ зэпкърыха и журналым и кьыдэкIыгъуэм тредэз.

КъыщынэмыщIауэ, абы и щIэщIауэ Тыркъм, Абхъазым, Германием, Урысей Федерацэм, Осетие Ипщэм, Куржым щыщ щIэныгъэлIэхэр. Ар кьызэIуихащ хьащIэхэр зэрыщытам, адыгэ Iуэрыпуатэм ехьэлIауэ ЕкъулIэ Хьэтlиф игъэхьэзырам.

Журналым итщ адыгэ пщащэ Еутых Данэ хэкур зэрыIэщIэкIым теухуа и тхьэусыхафэр, Быж Сэтэней цIыху бзит-щхьитIэхэм яхужиIахэр, адыгэ шхыныгъуэхэм, кьафэм, хабзэм, Иорданым щыщ сийийхэм Налшык зэрыкIащагъэпсэхуам, нэгъуэщIхэми я теухуа тхыгъэхэр. КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ Амман кьалэм зэрыщыхьэщIар, нэгъуэщI хьыбархэри мы кьыдэкIыгъуэм кьибгъуэтэнущ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Зэпеуэ

Дерс яхуэхъун папщIэ

ЩытыкIэ гугъум ихуа ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъуным ехьэлIа социальнэ рекламэ нэхъыфI щIыпмкIэ Урысейпсо зэпеуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щокIуэкI. А Iуэхуэмкъ зэщIекъуауэ щрагъэкIуащ. Абы гукъыдэж яIуэ хэтащ нэхъыжьыфIэри ныбжьыщIэхэри.

АБЫХЭМ яхэтщ видеороликхэри, плакатхэри, интернет проектхэри.

- ЩытыкIэ гугъум ихуа сабийхэм я нэхъыбэр тезыр щрахьэкI щIыпIэхэм зэрыщыIэр къэтлъытэри, зэпеуэм я ныбжьыщIэхэм яхуэхэтщащ. Ауэ ди къалэн нэхъыщхьэр ахэр къэдгъэльэгъуэныркъым, атIэ хутыкъуахэр гъуэгу захуэ зэрытедгъэувэжьын, щытыкIэ гугъум кьызэриттын Iэмалхэр зэгъуэсу кьэдгъэуэтын зэрыхуейр. Абы щхьэкIэщ зэпеуэр кьыщIыхьэрыуа ныбжьыщIэхэм я Iуэхум щыгъуазэ хуэ хъу щIалэрэ щIалэрэ дерс хахыну, - жиIащ Дворко.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтщ щIэныгъэм, щэнхабзэм, УФСИН-м, МВД-м я лэжьакIуэхэр, психологиемкIэ, социологиемкIэ IэщlагъэлIэхэр.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

ФIы лэжьынымрэ гущIэгъумрэ къыхураджэу

Аруан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и щIагитIэщхъуэм фокIадэм и 20-м щызэхтащ юшIыкIыж хьилым теухуа псапащIэ Iуэхутэ дахэ. Илъэс ныбжьыр хьилым теухуа псапащIэ Iуэхутэ дахэ, ЩIэныгъэ хуэIуэ, мы гъэм псапащIэ зэхъыжьхэр ежьащ, зэщIекъуауэ щрагъэкIуащ. Абы гукъыдэж яIуэ хэтащ нэхъыжьыфIэри ныбжьыщIэхэри.

ЗЭIУЩIЭР езыгъэкIуэкIа Бекъалды Ларисэ зэхьыхэр кьызэIуиха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийм и унэгъэ Сыжажэ Алим зэхуэсахэм ехьэхьауэ ящIикIыж хьид лъапIэмкIэ.

- Си кьуэцIих, си щыпхъуэ! Рэмзан мазэр нухащ. Ар щытащ мусылъмэн динщ зыIыгъэм, абы пщIэ хуэзыщIхэм я дежкIэ гъэунэхунигъэу, Тхьэм нэхъыфIым дызэрыхуриджэу, - жиIащ абы. - Алыхьым Iмалыфlхэр кьыдитри, дынэщIащ, ди жейм зыхуэдгъэныкьуащ, турыхьэм дыхэтащ, псапэ тщIащ.

ЩIыкIыжьа хьидыр фIы лжьынымрэ гущIэгъумрэ я махуэщ. А Iуэхуэхэм фи жьылэм гулытэшхуэ щыхуащIри, Тхьэм фыхущIигъэхьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я дин Iуэхущ. ЩIэныгъэм кьыбгъэдэкIыу сынывохъуэху Нэщ! мазэр зэриухамкIэ, - кьыхигъэщащ Сыжажэ Алим. Абы куейм и адрей жылагъуэхэм я лIыкIуэ зэхьыхьэм крихьэлIэжар кьыхуриджащ Аруан къуажэм щапхъэ трахыну, псапэ щIэн Iуэхуэ Iэхъэр ягъэгуфIэну.

Апхуэдэу зэхуэсахэм ехьэхьауэ жьлэм и Iимам Бахьуэ Iэлисахь, цIыхубзхэм я советым и унафэщI Даур Нюсэ, къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Кьардэн Вячеслав, Аруан районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и депутат Бэрэгъэн Арсен, нэгъуэщIхэри. Псапащ Марафон я мылъку халъьащ Асанэ Аслъэн, Бейтыгъэн Арсен, Иуаз Олег, Хьэкъун Алик, Жэмыкъэ Мурат, Мэстафэ Альберт, Мэрзэны Мурат, Бахьуэ Аслъэн, Бэрэгъун Арсен, Кьардэн Мурат, Мэщокъуэ Амир, Бейтыгъэнхэ Хьэрэйдрэ Жаннэрэ, Эттеев Тlэхьир, бдэжьдырылажьэхэм, жьлэм дэт IуэхущIапIэхэм, кьуажэм щыIэ Iуэхущ щIыпIэхэм щыпсэухэм.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтщ щIэныгъэм, щэнхабзэм, УФСИН-м, МВД-м я лэжьакIуэхэр, психологиемкIэ, социологиемкIэ Iэщlагъэлlхэр.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Леандру текIуэныгъэ къытхуехь

● Футбол

«Химки» (Химки) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:0). Химки. «Арена Химки» стадион. ФокIадэм и 18-м. ЦIыху 2000 еплъыр.

Судьяхэр: КАЮМОВ (Мэзкуу), Новокшонов (Ижевск), Поглазов (Йошкар-Ола).

«Химки»: Березовский, Мамонов (Ротенберг, 19), Ибрагимов, Тривунович, Головатенкэ, Семочкэ (Стивенс, 56), Блатняк, Кириллов, Сансони (Логашов, 87), Ромащенкэ, Антипенкэ.

«Спартак-Налшык»: Радич, Феррейрэ, Джудович, Амисулашвили, Филатов, Самсонов (Леандру, 60), Концедалов, Джатэрывэ, Рикарду (Бикмаев, 66), Асильдаров, Калимуллин, (Мэшыкъуэ, 85).

Топхэр дигъэкIащ: Леандру, 68 (0:1). Леандру, 86 (0:2).

Асильдаровым пенальти худэгъэкIакъым.

Дагъуэ хуащIащ Филатовым.

ТIОЩIРЭ етIуанэ джэгугъуэр мэрем кIуам къызэIуахащ «Химки»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэмкIэ. КомандитIым я дежкIи абы мыхьэнэшхуэ иIэт: текIуэм премьер-лигэм къыхэнэн щхьэкIэ иригъэкIуэкI бэнэныгъэм



Хэт къыпэувыфын Леандру?

адэкIи пищэну Iэмал игъуэтынут.

ЗэIущIэр командэхэм жыджэрагъашхуэ къамыгъэлъагъуэу къыщIадзащ. Гъуэм топ дагъэкIыну нэхъапэу Iэмал къызыхукъуэкIар хэгъэрейхэрщ. Кириловыр ди гъуащхьэтетхэм яIэщIэкIри, топым лъэщу еуащ, ауэ Радич абы къригъэгъэзэн хуэзэфIэкIащ. «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэми екъуIэнныгъэ кърикIуэным зымащIэщ иIэжар - «Химки»-м и гъуащхьэхъумэ зыбжанэм Рикарду Лагэ тынш дыдэу яблэкIа щхьэкIэ, гъуэм нэсыпауэ къагъэувыIащ.

Надшыкдэсхэр щебгъэрыкIуэм, хэгъэрейхэм хабзэм къемызэгъыу Джудович ираудри, судьям пенальти къаритащ. Топым еуащ иужьрей зэманым фIы дыдэу джэгу Асильдаровыр. Щамил Березовскэм хуэзанщIэу еуащ икIи гъуащхьэтетым топым къригъэгъэзащ.

Пенальтир къызэрыхудамыгъэкIыфам зи лъэр жан ищIа хэгъэрейхэр лъэщуебгъэрыкIуащ. Штангэм техуэу къэлъеижа топым япэу нэсащ Кирилловыр, ауэ Радич абыи къригъэгъэзащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм зыбжанэрэ топ дагъэкIыну IэмалыфIхэр къахукъуэкIат ди щIалэхэу Асильдаровым, Рикарду, Самсоновым, Калимуллиным, арщхьэкIэ ар зрагъэхъулIэфакъым.

ЕтIуанэ Iыхьэр «Химки»-м нэхъ жыджэру къыщIидзэжат. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ арат химкидэсхэр ди гъуэм къыщебгъэрыкIуам, арщхьэкIэ, нэхъапэхэми хуэдэу, Радич абы пэлъэщащ.

ЗэIущIэм хъарзынэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа Самсоновым и хуэр ишэщIри, губгъуэм имыкIыу зэуакъым. Гъуащхьэхъумэныкъуэр хъуэжыкIафIэ зэрыкъуар псынщIэ дыдэу наIуэ ищIащ Леандру - бразил футболистым «Спартак-Налшыкым» екъуIэныгъэ къыхуихащ. Бикмаевым къыIэрыхьа топыр Леандру Iэзэу къритри, иужьрейм бжыгъэр къызэIуихащ.

ЗэIущIэм и кIэух дакъикъэр къэблэгъэхэу, командэхэр нэхъ жан къэхъурт. Ди щIалэхэм ящыщу жыджэращ Асильдаровыр, Бикмаевыр, Калимуллиныр.

86-нэ дакъикъэм зэщхьэщыкIныгъэр игъэбэгъуащ Леандру - нэхъапэми хуэдэу, Бикмаевым кърита топыр абы Березовскэм и гъуэм дигъэкIащ - 0:2.

«Спартак-Налшыкым» и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэм текIуэныгъэ къыщихьащ. «Ростов»-м 3:3-уэ «Кубань»-р дэджэгуа нэужь, краснодардэсхэр зэрытщхьэщыкIыр очкоитIщ икIи премьер-лигэм дыкъыхэнэным дыщIыщIэбэным щхьэусыгъуэ диIэщ.

22-нэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: **ЦСКА - «Динамо» - 3:0, «Сатурн» - «Спартак» - 2:1, «Локомотив» - «Москва» - 1:0, «Крылья Советов» - «Зенит» - 0:1, «Томь» - «Рубин» - 0:0, «Ростов» - «Кубань» - 3:3, «Амкар» - «Тэрч» - 1:0.**

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 27-м абыхэм кърагъэблэгъэнущ «Ростов»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Березовскэм и гугъэр хихыжащ.

Премьер-лигэм хэт гупхэр зэрыджэгуам кърикIуар

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	22	14	5	3	47-14	47
2. «Спартак»	22	12	4	6	39-24	40
3. ЦСКА	22	12	3	7	35-20	39
4. «Локомотив»	22	10	8	4	29-20	38
5. «Зенит»	22	10	7	5	36-22	37
6. «Москва»	22	9	7	6	24-17	34
7. «Сатурн»	22	9	5	8	27-30	32
8. «Динамо»	22	9	4	9	22-28	31
9. «Крылья Советов»	22	8	4	10	24-29	28
10. «Тэрч»	22	7	6	9	26-33	27
11. «Ростов»	22	6	9	7	18-23	27
12. «Томь»	22	6	7	9	18-27	25
13. «Амкар»	22	6	6	10	21-30	24
14. «Кубань»	22	5	7	10	18-34	22
15. «Спартак-Налшык»	22	4	8	10	20-24	20
16. «Химки»	22	2	4	16	16-45	10

ЗэIущIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Мыхьэнэшхуэ зиIэ екъуIэныгъэ

- ЗэIущIэр хьэлэмэту екIуэкIащ, ауэ джэгукIэ дахэ къагъэлъэгъуауэ схужыIэнукъым. Абы и щхьэусыгъуэу къызолъытэ командэхэм къатеглпIа жэяаплынигъэшхуэр. Аращ къызыхэкIар япэ Iыхьэм пенальти зэрыдэмыгъэкIыфари. «Химки»-м топ къытхудихуамэ, зэIущIэр нэгъуэщIут зэрекIуэкIынур.

- Леандру IэмалыншагъэкIэ къывгъэхьауэ ара, хьэмэрэ апхуэдэ мурадхэр фиIэт?

- Леандру къидгъэхьэну ди мурадащ икIи Самсоновым и фэбжьым ар зыкIи епхакъым.

- Самсоновым и фэбжьыр хьэлъэ?

- Хьэуэ, и хуэр ишэщIауэ аращ. Куэд дэмыкIыу гупым къытхыхьэжы- нущ.

САРСАНИЕ Константин,
«Химки»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Iэзагъыр къыдомэщIэкI

- ЗэIущIэм щхьэкIэ жыпIэныщхуи щыIэкъым. Дэ топ дэдгъэкIыфатэкъыми, къытхудагъэкIащ.

Налшыкдэсхэм сохъуэхъу я текIуэныгъэмкIэ. Шэч хэмылъу, лъэныкъуитIым ди дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэу щытащ мыр. Дэ Iэзагъыр тхурикъуакъым.

ГУГЪАПIЭ

ПцIыуэ зэхалъхьэркъым псысэ,
Шыпсэм хэпыпсыхьыж.
Ди гъащIэ мащIэм и къуэпсыр
ПлIэрылъу къухьэпIэм дохьыж,
КъуэкIыпIэм къэна лъэужьыр
ГъуэгутедзэкIэ къытлъэщIохьэж,
Мылыф гъужарэ гъэужьу
КъухьэпIэ пшэплъым хесхьэж.
ЩIэдзапIэр хэти и натIэщ,
ЩIэдзапIэм и натIэщ кIэух,
КъигъэкIыжыну уда щхьэунтIэ,
Аргуэру уэпх кърекIых.

КIэух зимыIэр гугъапIэрщ,
Гугъэфыр хэкIыркъым псэм,
Дадэм елъагъу пщIыхьэпIэ -
Жьым тесу епыджу псым.

БЖЬЫХЬЭ МЭЗЫМ

Iэуэльауэншэу бжьыхьэ мэзыр
Мазэгъуэ изым щIопсэхукI.
Мазэгъуэ бзийхэр IукIэ изу,
Хьэуам мэз щыгур щIонэхукI.

Зы тхьэмпэ закъуи мыIущащэ,
Псэущхьэ закъуи къэмыхьей.
Къуэ лъащIэм псым щигъэIу даущыр
Ерагъыу къыдэIукI къудейщ.

КIыгуугу зыщIыпIи къыщымыджэ,
Джэрпэджэжьыр бгым щожей.
Мэз уафэ лъащIэм и жэщ гъуджэм
ЗигъафIэу йоплъэ уэздыгъейр.

Жьыг щIагъым къыщыуша псысэ
Нэбэнэушэр мэзым щIэзщ.
Мэзытхъэ хуиуса и усэр
ЕгъэIур хуэму Ашэмэз.

Уафэ къудамэм вагъуэр пызу,
Я бзийр жыг щхьэкIэхэм фIэсыху,
Таурыхъыр зи бэ бжьыхьэ мэзым
Дуней ешам зыщегъэпсэху.

НАПIЭIЭТЫГЪУЭ

Ныбжьэгъум деж

Иджыри къухьакъым ди дыгъэр,
Ди къухьэпIэм къыщIакъым пшэкIэплъ,
Иджыри пщэдджыжькIэ дыгугъэу,
Пщыхьэщхьэ ешам дыкIэлъоплъ.

Иджыри къэблэнщ Нэхущвагъуэр,
ЗекIуэлIым хуишийуэ и бзийр,
Дытехьэжьнщи Шыхулъагъуэм,
Къыщыдгъэжэнщ ди щагъдийр.

Дакъикъэм къеубыдыр лIэщIыгъуэ,
ЛэщIыгъуэм къотIасэ мелуан.
Ди гъащIэу зы нанIэIэтыгъуэр
БэIутIэIухэм иджыри къелынщ.

Гум и лъащIэм кънна мафIэ хъуаскIэр
Пэрыддзэм жьэгу мафIэм и дэпым,
ГуапагъэкIэ гъуэгу тхупхисыкIыу,
Къеблыжьынущ гу щIанэм и хуабэр.

* * *

Мэкъумэшыщ Iэр губгъуэм докIыр,
Хуэзэшауэ щIыгулъымэм,

УЭРЭЗЕЙ Афлик и усэщIэхэр



Еубыдри пхъэIэщэкIыр,
Ирешажьэ вагъэбдзумэр.

ЩIыгулъ Iэфым и Iубахъэр
Шылэхъару щхьэщылъщ хьэсэм.
Шылэхъарым едэхащIэу,
Мэкъумэшыщ Iэр йогупсысыр:

Мыпхуэдизыр зи дахагъыр
ЩIхьэ ящIыфрэ гулъытэншэ?!
ЩIыгур зыгъэбжьыфIэ вагъэр
Дунеишхуэм щыуахътыншэщ.

ПхъэIэщэкIым пыткIу щIэнтIэпсыр
Мэкъумэшыщ Iэ гуфIэ нэпсщ.
ЩIыгъэпшэру ар щIыгулъым
Иреф,
КъэтIэпIу жылэ гулъыр.

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭМ И ХАДЭ

ДрикIуэнщ Къэбэрдей уэрамым,
ХьэтIохъущокъуэ и хадэм дихьэнщ,
Ди нэхъыжьхэу мы хадэм зэгуэрым
Итыгъахэр ди нэгу къыщIыхьэнщ.

ЩIэкIыжынущ ди нэгу блэкIа жыжьэр,
Зэман хъыжьэ нэпкъыжьэ зытелъ
Жыгеижь зи кур гъуанэм и лъабжьэм
Тхыдэ кIапэ иджыри кIэщIэлъщ.

Дыкъеджэнщ дыхуэсакъыу а тхыдэм,
Дэдмыгъэхуу зы псалъэ, зы хьэрф.
Ди блэкIахэр дгъэфIэжу зымыдэ
Жагъуэгъу псалъэ купщIэнщэр гунэфщ.

Жыгеижь зи кумыэр курыхым
Гууи гуапи куэд дыдэ ещIэж.
Льэужьыншэу кIуэдынкIи мыдзыхэ -
Жыгей лъабжьэм жыгущIэ къыщIож.

ЖыгеинщIэр докIей, лъэдий лантIэм
ЗигъэнщIыхукIэ ирифу уэсэпс,
Къиртхари ещIэжыр и натIэм -
Мы хадэшхуэм хуэхъунущ ар къуэпс.

Iэ дыдолъэ жыгейм, Iэ дыдолъэ -
Ар иджыри тетынущ дунейм,
Зи бзэр IэфI жэнэтбзум и пшыналъэм
ЩIэдэIунущ иджыри жыгейр.

2009 гъэ.

Я джэгукIэр зэтоувэж

«Химки» (Химки) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:3 (0:2). ФокIадэм и 17-м. Химки. «Родина» стадион. ЦIыху 200 еплъыр.

Судьяр Коликов (Саранск).

«Химки»: Мишич (Звезинцев, 46), Настич (Зиновьев, 46), Морозов, Беляков, Старков (Зимаков, 46), Киселев (Юрьжановский, 46), Оганесян, Подрезов, Кожанов (Гальперин, 46), Нечушкин (Тимофеев, 76), Бутывский.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Алчагиров (Шортэн, 47), Плиев, КIыщ, Соблыр, Мих еев (Къумыкъу, 40), Захаров (Хьэгъэбанэ, 78), Зрум, Сирадзе (Кхъуэныхъ, 46), Кьэжэр (Концевой, 46), Гьубж (Борей, 69).

Топхэр дагъэкIащ Сирадзе, 33 (0:1), Гьубж, 45+1 (0:2). Борей, 78(пен.) (0:3). Тимофеев, 88 (пен.) (1:3).

Дагъуэ хуащIащ Кожановымрэ Соблырымрэ.

ФОКIАДЭМ и 17-м Химки щызэIуащIащ щIыпIэ «Химки-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я щIалэгъуалэ командэхэр.

ЗэIущIэр ди щIалэхэм ебгъэрыкIуэу къыщIадзащ. Япэ дакъикъэм къыщыщIэдзауэ, абыхэм псэкугъуэ иратыр тэхъым «Химки»-м и гуащхьэхъумэхэм. Ауэ топыр гъуащхьэтетым и деж щынэсыр зэзэмызэт. Хэгъэрейхэми ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр къызэпаудэрэ, е яIэщIэкI щыуагъэхэр къагъэсэбэпурэ, контратакэ псынщIэкIэр къызэрагъэпэщырт. Ди гъуащхьэхъумэжри бэлэрыгъыртэкъым. Абыхэм къаIэрыихьа топыр псынщIэ дыдэу ди гъуащхьаухэм иратырт. КъыхукъуэкIа апхуэдэ Iэмалыр Iэзэу къигъэсэбэпри, 33-нэ дакъикъэм бжьыгъэр къызэIуихащ Сирадзе - 0:1.

КъыкIэлъыкIуэ топми «Спартак-Налшыкым» къыдэщIхэр куэдрэ пигъэлпъакъым. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и нужьрей дакъикъэм Гьубж Марат бжьыгъэр игъэбэгъуащ.

И щIалэхэм я джэгукIэм арэзы къимышI хэгъэрейхэм я тренерым етIуанэ Iыхьэм щыщIидзэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ иригъэкIуэкIащ, арщхьэкIэ Iужум зыри къыкIакъым. Уеблэмэ зэIущIэр и кIэм нэблагъэуэ, «Химки»-м и гъуащхьэхъумэхэм ди щIалэхэм ящыщ зы ираудащ. Пенальтир Iэзэу игъэзащIэри, бжьыгъэр 0:3-м нигъэсащ Борейм.

БжьыгъэшхуэкIэ япэ ища налшыкдэсхэм сакъыныгъэр яфIэкIуэдащ икIи гъуэм къекIуалIэ Тимофеевыр ираудащ. Гъуащхьауэм пенальтикIэ топ дигъэкIри, кIэух бжьыгъэр 1:3 ищIащ.

Щынгуаэз фыдощI адрей командэхэр зэрызэдэджэгуам: **ЦСКА - «Динамо» - 2:2, «Сатурн» - «Спартак» - 0:2, «Локомотив» - «Москва» - 0-0, «Крылья Советов» - «Зенит» - 2:1, «Томь» - «Рубин» - 2:2, «Ростов» - «Кубань» - 1:2, «Амкар» - «Тэрч» - 2:1.**

КЪЭХУЪН Бэч.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

● Бжьыхьэ теплъэгъуэ

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм дунейм и сыт хуэдэ щытыкIэми псэм зыщегъэпсэху.

● Наркополицэм къет

Егугъуу игъэкIырт

Республикэм и наркополицейхэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, илъэс 44-рэ зи ныбжь, Май къалэм щыпсэу цIыхухъым и лъапсэм щIэп щигъэкIыу къахуташ.

ЗЫЩIПIИ щымылажьэ майдэсым и хадэм щIэп къэкIыгъэ 537-рэ итт. Ар абы игъэкIат агрономием и хабзэхэм тету, къабзэу, метри 3 зи лъагагъыу дэкIеяхэри яхэту.

Бысымым зэрыжиIэмкIэ, щIэпыр езыр-езыру къэкIащ. АрщхьэкIэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэза, зи хьуреягъыр къэхухьа щIэп хадэм щцеплькIэ, ар фIэщащыгъуеящ. Хабзэм къызэрыщыгъэльэгъуэмкIэ, майдэсым наркотик зыхэль къэкIыгъэ зэригъэкIым теухуауэ уголовнэ тезыр кIэхтоухэ - ильэси 3-м щыщIэдзауэ ильэси 8-м нэсыху тутнакъэщым исыну къелэжь.

Афиян зрахьэлIауэ гу лъыфтамэ

Наркотик зрахьэлIауэ гу зыльатэ щофершэрэмрэ пассажирхэмрэ хабзэм зыпылIуадзыныр дяпэкIэ гугъу хъунущ, сыту жыпIэмэ автоинспекторхэм ящыгъуу пщыр наркополицейхэмрэ дохутыр-наркологхэмрэ. Щэч зыхуащIхэр ипэжыпIэр зэхагъэкIын папшIэ занщIэу наркодиспансерым ирагъэблагъэ.

НАРКОIУЭХУЩIапIэм , УГИБД-м, Республикэ наркодиспансерым я лэжьакIуэхэм Налшык и уэрамхэм япэ рейдыр щыщрагъэжьауэкIым афиян зэзыхьэлIа таксист яубыдащ. Акъылыр зыгъэутхуэу капсулэу 10 абы и автомашинэм кърахащ.

Наркополицейхэм апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр щIэхащIэхьыгъэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ. ИщхьэкIэ къыщыгъэльэгъуахэм хуэдэ фрихьэлIэмэ, Наркотикхэм кIэлыплъыныгъэ Iуэхущапсэу КъБР-м щыIэм фыкъэпсалъэ «дзыхь зрагъэз и телефонэмкIэ»: **49-21-05, 8-800-100-70-77** (Урысейм и дэтхэнэ щIыналъэми пщIэншэу укъипсэлъыкI хъунущ). Iуэхущапсэм и сайтыр: **www.ufskn-kbr.ru**

МЭРШЭНКЪУЭ Наталье.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапсэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ къэпсыпсэмкIэ - 42-22-88; етъуэдэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапсэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынур и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьугъуэм елъэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорзу Щоджэн Инэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщ*Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рэ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.014 ●Заказ №3053